**दिन–मंगलवार** **दिनांक–16.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक पहिल आ दोसर चरणक वास्ते होबऽवला चुनाव लेल प्रचार अभियान चरम पर अछि। राजनीतिक दलक प्रमुख नेता लोकनि अपन–अपन प्रत्याशीक समर्थन मे रैली आ रोड शो कऽ रहल छथि। काल्हि सांझ पहिल चरणक चुनावक वास्ते चुनाव प्रचार समाप्त भऽ जायत।

---

भारतीय जनता पार्टीक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ गया मे एनडीए प्रत्याशी हम पार्टीक जीतनराम मांझीक पक्ष मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे कांग्रेस आ ओकर सहयोगी दल अपन राजनीतिक लाभ लेल संविधान के हथियार जकाँ उपयोग करबाक प्रयास कऽ रहल अछि। गयाक गाँधी मैदान मे जनसभाक सम्बोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे विपक्षी दलक दिस सँ लोक के गुमराह करबाक लेल झूठ गढ़ल जा रहल अछि, जे भाजपा संविधान बदलि देत। ओ आश्वासन देलनि जे केओ संविधान नहि बदलि सकैत अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे भारतीय जनता पार्टी संविधानक सत्य भावना के लोकसभ धरि पहुँचेबाक प्रयास कयलक अछि आ एहि लेल देश मे राष्ट्रीय संविधान दिवस मनेबाक परम्परा शुरू कयल गेल अछि। प्रधानमंत्री श्री मोदी इंडी गठबंधनक नेता लोकनि पर सनातन धर्मक अपमान करबाक आरोप लगौलनि। श्री मोदी कहलनि जे राजद जंगलराज आ भ्रष्टाचारक चेहरा अछि। ओ पूर्णियां मे सेहो एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओहिठाम प्रधानमंत्री विपक्ष पर भोट बैंकक राजनीति करबाक आ सीमांचल पूर्णियां क्षेत्र मे अवैध घुसपैठक अनुमति दऽकऽ सुरक्षाक संग समझौता करबाक आरोप लगौलनि।

---

ओतहि, राष्ट्रीय जनता दलक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उप–मुख्यमंत्री तेजस्वी यादव आइ जमूई आ नवादा संसदीय क्षेत्र मे महागठबंधनक प्रत्याशीक पक्ष मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओ कहलनि जे एहि चुनाव मे लोक के होशियार रहबाक आवश्यकता अछि। ओ अपन भाषण मे गरीबी, बेरोजगारी आ महंगाईक चर्चा कयलनि।

———————————————————————————

प्रदेश मे लोकसभा चुनावक तेसर चरणक पाँच संसदीय सीट झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया मे नामांकनक काज चलि रहल अछि। आइ सुपौल संसदीय सीट सँ एनडीए प्रत्याशी जदयूक दिलेश्वर कामत अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर जदयूक वरिष्ठ नेता आ मंत्री बिजेन्द्र यादव समेत आनो नेता उपस्थित छलाह। सुपौल सँ राजद चन्द्रहास चौपाल समेत आइ चारि प्रत्याशी नामांकन कयलनि। ओम्हर, अररिया संसदीय सीट सँ भाजपाक प्रदीप कुमार सिंह नामांकन पर्चा भरलनि। झंझारपुर संसदीय क्षेत्र सँ आइ तीन प्रत्याशी नामांकन दाखिल कयलनि। खगड़िया सँ सेहो नामांकन पर्चा भरलनि। तेसर चरणक पाँच सीट लेल उन्नैस अप्रैल धरि नामांकन काज कयल जायत। मतदान सात मई के होयत।

———————————————————————————

पटनाक कंकड़बाग थाना क्षेत्रक न्यू बाईपास पर आइ सवेरे एक सड़क दुर्घटना मे सात गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि आ दू आन गोटे घायल भऽ गेलाह। पुलिस सूत्रक अनुसार रामलखन सिंह मार्ग पर सवारी के लऽ जा रहल एक ऑटो रिक्शा मेट्रो रेल परियोजनाक क्रेन सँ टकरा गेल। एहि दुर्घटना मे चारि गोटेक ठामहि मृत्यु भऽ गेलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार दुर्घटना मे मृतकक प्रति शोक–संवेदना व्यक्त कयलनि अछि। ओ घायल लोकनि के समुचित इलाजक वास्ते आवश्यक निर्देश देलनि।

———————————————————————————

संघ लोकसेवा आयोग यूपीएससी सिविल सेवा परीक्षा दू हजार तेईसक अंतिम परिणाम घोषित कऽ देलक अछि। आईआईटी कानपुरक छात्र आदित्य श्रीवास्तव पहिल स्थान पर रहलाह। ओतहि, अनिमेष प्रधान दोसर जखनकि दोनुरू अनन्या रेड्डी तेसर स्थान प्राप्त कयलनि। एखन धरि प्राप्त जनतबक अनुसार औरंगाबादक विरूपाक्ष सिंह उनचासम स्थान पर

छथि। परीक्षा मे सफलता प्राप्त कयनिहार पच्चीस शीर्ष उम्मीदवार मे दस महिला आ पन्द्रह पुरूष सम्मिलित छथि।

———————————————————————————

फिल्म अभिनेता सलमान खानक मुम्बई स्थित बंगला पर फायरिंगक मामिला मे दू आरोपी के मुम्बई पुलिस गुजरातक कच्छ शहर सँ गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार शूटर विक्की कुमार आ सागर कुमार पश्चिम चंपारण जिलाक गौनाहा थाना क्षेत्र अंतर्गत मसही गामक रहनिहार छथि।

———————————————————————————

वासंती नवरात्रक आठम दिन आइ देवी दुर्गाक आठम स्वरूम महागौरीक पूजा—अर्चना कयल जा रहल अछि। एखन भक्त लोकनि संध्या आरती मे लागल छथि। मान्यता अछि जे देवी महागौरीक अराधना सँ भक्त लोकनि के सुख सौभाग्यक प्राप्ति होइत छनि आ हुनक सभ मनोकामना पूर्ण होइत अछि। एहि क्रम मे काल्हि माताक सिद्धिदात्री स्वरूपक पूजा कयल जायत। काल्हिए रामनवमीक पर्व सेहो मनाओल जायत। रामनवमी पर्व के लऽकऽ प्रशासन द्वारा विधि व्यवस्था बनौने राखबाक लेल तैयारी कयल गेल अछि। दरभंगा जिला मे दू सय चौरानवे स्थान पर दंडाधिकारीक संग पुलिस बल के उपस्थित कराओल गेल अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।